



PEMERINTAH KABUPATEN SLEMAN
DINAS PENDIDIKAN
UPT PELAYANAN PENDIDIKAN KAPANEWON DEPOK
PENGURUS KEGIATAN GURU DAN SISWA (PKGS)
PENILAIAN TENGAH SEMESTER
Semester Gasal Tahun Pelajaran 2021/2022

Kelas	: IV (Empat)	Hari/Tanggal	: Jumat, 10 September 2021
Muatan Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Waktu	: 09.30 - 11.00 WIB

KD. 3.1. Memahami teks deskriptif tentang teknologi dan pekerjaan

Wacanen kang patitis!

....

Dokter minangka pakaryan kang mulya lan duweni resiko gedhe. Dadi dokter ora gampang, pakaryan dokter akeh tantangan, kudu sabar lan teliti. Sinau wiwit babagan awak manungsa, lan budidaya kasarasan manungsa, kabeh mau kanggo nglayani pasien kanthi becik. Dokter gawe *resep* lan ngramu obat kudu diselarasake marang penyakit lan kahanane pasien. Salah anggone menehi *resep* utawa ngramu obat bisa nyilakani tumrapping pasien.

Sekolah dokter ora mung butuh ragat kang gedhe, nanging uga butuh kapinteran lan kaprigelan ngupakara wong lara supaya dadi saras. Kabeh mau disinau kanthi bener lan pener, supaya besuke menawa nangani pasien kang lara bisa menehi srana kasarasan kanthi pas.

Dokter akeh kang ngarani gegayutan karo sugih. Saben wong mesti ngarani, menawa dokter iku sugih dhuwit. Dadi dokter sejatine tujuwane ora dadi wong sugih, ananging amung kanggo njaga kesehatan utawa budidaya pasien kang lara amrih dadi saras. Ora saben uwong bisa nambani wong lara. Yen dipikir, sekolah dadi dokter mbutuhake ragat kang ora sithik, mula sing larang iku ilmune lan pirantine.

I. Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, C, utawa D ing sangarepe pratelan kang bener ing lembar jawab kang cumawis!

1. Sapa kang duwe tanggung jawab nambani wong lara?
 - A. Guru
 - B. Montir
 - C. Dokter
 - D. Masinis
2. Geneya sekolah dadi dokter iku ragate gedhe?
 - A. amarga sekolah kudu pinter
 - B. sekolah dokter mbayare larang
 - C. amarga bangunane regane larang
 - D. kang bisa sekolah mung wong sugih

3. Kepriye yen salah olehe menehi resep utawa ngramu obat?
- Nyilakani pasiene.
 - Pasiene cepet mari.
 - Sekolahane bisa tutup.
 - Lengganane saya akeh.
4. Yen lagi lara becike dipriksakake ana ngendi?
- kampus
 - sekolahan
 - kantor pos
 - puskesmas
5. Irah-irahan kang cocog kanggo wacan ing dhuwur yaiku
- Puskesmas
 - Sekolah
 - Dokter
 - Pasien
6. Pratélan kang trep saka paragraph 4 yaiku
- Sekolah kudu sregep sinau.
 - Sehat iku ragate larang.
 - Sekolah dokter larang.
 - Kabeh kudu sehat.
7. Salah anggone menehi **resep** utawa ngramu obat bisa nyilakani tumraping pasien. Tembung kang kaceta kandel padha tegese karo
- Surat dokter
 - Surat obat
 - Nota obat
 - kwitansi
8. Waspadakno gambar!



1



2



3



4

Saka gambar kasebut pasangan kang ora kalebu piranti modern yaiku

- 1 lan 2
- 1 lan 3
- 2 lan 3
- 2 lan 4

9. Salah sijine dampak negatif gadget tumrap bocah sekolah kayata

- A. sugih kanca
- B. tambah pinter
- C. dadi keset lan bodho
- D. bocah dadi sregep sinau

10. Waspadakno gambar!



Alat komunikasi tradisional kaya ing gambar arane

- A. Gaug
- B. cowek
- C. lesung
- D. lumpang

II. Isenana cecek-cecek iki kanthi jawaban trepl

11. Jaman biyen wong tani menawa nutu pari nganggo lesung, nanging jaman saiki nganggo ... bisa luwih cepet lan resik.

12. Waspadakno gambar!



Gambar piranti kasebut mampangat kang penting kayata

- 13. Anane kemajuan teknologi kudu disikepi kanthi ... supaya ora ngrugekake awake dhewe.
- 14. Salah sijining piranti modern tumrap wong tani kanggo nggarap sawah kayata
- 15. Salah sijining alat transportasi tradisional ing sakiwa tengenmu yaiku

III. Wangsulana pitakonan iki manut pakone!

- 16. Panganggone hp iku ana untung rugine. Sebutna telu (3) wae rugine migunakake hp kang tanpo petungan!
- 17. Sebutna 3 wae piranti tetanen kang migunakake piranti tradisional!

KD 3.2. Memahami tembang macapat gambuh dan geguritan

I. Wenehana tandha ping (X) ing aksara A, B, C, utawa D ing sangarepe pratelan kang bener ing lembar jawab kang cumawis!

18. Gatekna jinising tembang iki!

- | | |
|--------------------|-------------|
| 1. Padhang bulan | 4. Mijil |
| 2. Pucong | 5. Kinanthi |
| 3. Menthog-menthog | |

Kang kalebung tembang macapat yaiku angka

- A. 1, 2, lan 3
- B. 2, 3, lan 4
- C. 2, 4, lan 5
- D. 3, 4, lan 5

19. Paugeran ngarang tembang macapat kayata kanthi

- A. guru lagu, guru laki, guru kaki
- B. guru wilangan, guru lagu, guru kaki
- C. guru lagu, guru gatra, guru wilangan
- D. guru laki, guru gatra, guru wulangan

20. Tembang gambuh kalebu jinising tembang

- A. Dolanan
- B. Macapat
- C. Tengahan
- D. Gedhe

21. Tembang gambuh iku ngemu surasa utawa isine

- A. pitutur
- B. guyonan
- C. pasemon
- D. bedhekan

22. Gatekna cakepan tembang iki!

Sekar gambuh ping catur

Kang cinatur polah kang kelantur

Tanpa tutur ketula-tula ketali

Kadaluwarsa kapatuh

Kapatuh pan dadi awon

Tembang sekar tegese

- A. Wiji
- B. Wangi
- C. Kembang
- D. tembang

23. Gatekna cakepan tembang gambuh iki!

Sapa sregep sinau

Mesti bakal entuk akeh ilmu

Ilmu kang nuntun kanggo paitan urip

Aja mung bisane turu

Bisane mung plonga-plongo

Guru wilangan lan guru lagu tembang kasebut yaikun

A. 7u, 10i, 12i, 8u, 8i

B. 7u, 10u, 12i, 8u, 8o

C. 7u, 10u, 12i, 8a, 8u

D. 7u, 10u, 12i, 8a, 8a

24. Gatekna geguritan iki!

.....

Sliramu tansah digugu lan ditiru

Marang kabeh muridmu

Atimu nora tahu nesu

Senajan aku tansyah kleru

Pasuryanmu nyenengne ati

Tasah gemi nastiti, ngati-ati

Menehi ilmu kanti tliti

Irah-irahan kang trep kanggo geguritan kasebut yaiku

A. Siswi

B. Negari

C. Guruku

D. Ngelmu

25. Nalika maca geguritan, pasemon utawa prapan kudu

A. kudu seneng

B. kudu susah

C. sing sumeh

D. selaras isine

26. Nalika maca geguritan kang surasane susah, polatane nalika maca kudu

A. tibaning swara saben pungkasaning gatra

B. cacahing wanda saben sagatra

C. cacah pada saben tembang

D. cacahing larik saben pada

27. Gatekna geguritan ikil

*Virus corona sayekti
Bebaya kang kasat mata
Aja disepelikake
Kalamun ana kang kena
Nular sapadha-padha
Aja lena tan ketungkul
Ngudi segering salira
Cara kanggo naggulangi
Sumbare virus corona
Aja kumpul ing wong akeh
Jawat asta sesama
Haywa padha dijaga
Karesikan pancen baku
Urip kalis ing memala*

Geguritan iku duweni isi babagan

- A. njaga kasarasan
- B. njaga karesikan
- C. wabah corona
- D. urip sehat

II. Isenana cecek-cecek iki kanthi jawaban trepl

- 28. Jinising tembang macapat cacahé ana
- 29. Nalika maca geguritan kang surasane nrenyuhake, polatane nalika maca kudu
- 30. Tembang gambuh iku duweni guru gatra
- 31. Geguritan iku yen basa Indonesia arane
- 32. Sakdurunge gawe geguritan, luwih dhisik kudu nemtokake

III. Wangsulana pitakonan iki manut pakone!

33. Tembang macapat ana akeh, Sebutna 3 wae!

34. Apa tegese guru wilangan anan ing tembang gambuh?

35. Apa kang diarani geguritan iku?

—o0o—